

Resous pou Kominote Imigran yo Pandan Pandemi COVID-19

Vil New York angaje l pou l ede rezidan New York ki afekte anpil yo akoz pandemi Kowonaviris 2019 (COVID-19) la. Genyen plizyè sèvis nan vil la ki disponib pou tout Rezidan New York yo kèlkeswa sityasyon imigrasyon w epi kèlkeswa kapasite w pou peye, menm lè ka gen lòt kondisyon elijiblite ki aplikab.

Enfòmasyon sou sèvis ak resous ki disponib yo ap **chanje souvan**. Pou jwenn mizajou, ale sou nyc.gov/immigrants/coronavirus ak nyc.gov/coronavirus, epi swiv [@NYCImmigrants](https://twitter.com/NYCImmigrants) sou Twitter.



Konsèy ak Tretman pou COVID-19

- Lè w rete lakay ou, sa ka ralanti pwopagasyon COVID-19 la nan Vil New York. Moun ki pa gen sentòm ka gaye viris la kanmenm.
- Rezidan New York yo dwe mete pwoteksyon pou figi an piblik, sitou lè yo pa kapab rete yon distans sis pye omwen lwen lòt moun. Yon pwoteksyon pou figi se yon papye oubyen yon twal byen sekirize ki kouvri nen w ak bouch ou e ke w dwe mete nenpòt lè w soti lakay ou. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou ki kalite pwoteksyon pou figi w dwe itilize epi kijan pou w itilize l, ale sou [NYC.gov/Coronavirus](https://nyc.gov/Coronavirus).
- Tout anplwaye esansyèl Vil New York yo dwe mete pwoteksyon pou figi lè y ap pran kontak ak piblik la pandan y ap travay. Vil la ap distribye pwoteksyon pou figi bay travayè esansyèl Vil la yo.
- Se pou magazen manje yo mande kliyan yo mete pwoteksyon pou figi pou pwoteje anplwaye ak kliyan yo. Yo avize pwopriyetè biznis yo pou yo afiche pankat pou ede ranfòse direktiv sa a.
- Si w malad, rete lakay ou. Si w gen yon tous, souf kout, lafyè, malgòj e si w pa santi w byen apre 3-4 jou, konsilte doktè w.
- Itilize telefòn, mesaj tèks, telemedsin (konferyans videyo), oswa yon pòtay pasyan pou pale ak doktè w pase pou w ale kay doktè w lan fasafas. Ou menm ak doktè w la pral deside si w bezwen chèche swen medikal andeyò lakay ou.
- Si w bezwen èd pou w jwenn yon doktè oubyen pou w jwenn swen medikal, rele **311**. Vil la ap bay swen medikal kèlkeswa sityasyon imigrasyon w e kèlkeswa si w ka peye ou non pou swen yo.
- Vil New York PA P mete anplas tès COVID-19 dirèkteman ak pasyan yo. Si ou resevwa yon koutfil konsa, se yon fwod. Pale sou enfòmasyon sante w sèlman, ansanm ak nenpòt tès ki nesèsè, avèk founisè swen sante w.
- Konsèy vil la bay sou kisa w dwe fè parapò ak pandemi COVID-19 la aktyalize souvan. Pou w jwenn dènye enfòmasyon ajou yo, ale sou [NYC.gov/Coronavirus](https://nyc.gov/Coronavirus). Enfòmasyon yo disponib nan plis pase 20 lang.
 - Pou w resevwa mizajou an tan reyèl nan lang Anglè sou COVID-19, voye yon mesaj tèks ki di **COVID** nan **692-692**.
 - Pou mizajou an tan reyèl nan lang Panyòl, voye yon mesaj tèks ki di **COVIDESP** nan **692-692**.
 - W ap jwenn mizajou an tan reyèl tou nan lang Anglè, Panyòl ak Chinwa sou Twitter. Swiv [@NotifyNYC](https://twitter.com/NotifyNYC), [@NNYCSpanish](https://twitter.com/NNYCSpanish) ak [@NNYCChinese](https://twitter.com/NNYCChinese).
- Rezidan Vil New York ki gen sentòm oswa ki teste pozitif pou COVID-19 la, ki te an kontak ak yon moun ki gendwa enfekte ak COVID-19, oubyen ki an karantèn kounye a kapab enfòmè Vil la osijè eta sante yo. Al gade nan [Pòtay Angajman COVID-19 NYC](https://nyc.gov/Coronavirus) an pou kapab jwenn plis enfòmasyon.



Preyokipasyon sou COVID-19 ak Imigrasyon

- Si w ap chèche jwenn swen, tretman oswa tès pou COVID-19, sa PA P fè ou vin yon “responsablite piblik” ni domaje kapasite w pou w aplike pou yon kat rezidans. Lè w jwenn swen charite oubyen swen medikal nan pri redui, sa p ap afekte kapasite w genyen pou w aplike pou yon kat rezidans. Pa gen okenn tès “responsablite piblik” pou moun ki gen kat rezidans k ap aplike pou vin sitwayen ameriken. Al chèche swen san okenn krent.
- Anpil imigran pa konsène parapò ak tès “responsablite piblik” la.
- Se pa tout sèvis, pwogram oswa avantaj leta yo konsidere tankou “avantaj leta” nan tès “responsablite piblik” la. Pa egzanp, sèvis ak pwogram sila yo PA konsidere kòm “avantaj leta”, menm pou imigran ki anba tès “responsablite piblik” la:
 - Sèvis swen sante ak majorite asirans sante yo aleksepsyon Medicaid pou ka ki pou ijans
 - Etan yo enkli Medicaid, avantaj Medicaid sila yo pa enkli:
 - Medicaid pou Ijans
 - Sèvis Medicaid finanse men ki disponib grasa Lwa Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA)
 - Sèvis oswa avantaj nan lekòl ke Medicaid finanse
 - Avantaj Medicaid ke timoun ki gen mwens pase laj 21 lane resevwa yo
 - Avantaj Medicaid ke fanm resevwa pandan gwosès + 60 jou
 - Genyen plizyè kalite asistans manje, tankou Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Pwogram for Women, Infants and Children, WIC), gad manje, repa Grab and Go nan lekòl yo, ak plis (aleksepsyon SNAP; al gade seksyon “Manje” a pi ba a)
 - Avantaj pou Chomaj
- Gen pwoteksyon lavi prive ki solid ki anplas pou tout pasyan swen sante, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon. Dapre lwa federal, lopital ak klinik yo pa pataje enfòmasyon pasyan yo san otorizasyon pasyan yo, amwenske lalwa egzije sa.
- Si w gen kesyon osijè imigrasyon ak avantaj leta yo, rele liy dirèk gratis ActionNYC a nan **1-800-354-0365**, lendi rive vandredi, 9 a.m. – 6 p.m., oswa rele **311** epi di “Public Charge” (responsablite piblik) pou w jwenn aksè nan enfòmasyon ak koneksyon san pèdi tan ou ka fè konfyans pou w jwenn èd jiridik



Swen Sante ak Byennèt

- NYC Health + Hospitals bay tout Rezidan New York yo swen, kèlkeswa jan sityasyon imigrasyon yo ye. NYC Health + Hospitals ap ede ou, menm si ou pa gen asirans epi ou pa kapab peye pou swen sante yo. Sa aplike pou tout kalite sèvis swen sante, ki gen ladan yo swen ijans, vizit kay doktè, medikaman, swen alontèm, ak sejou lopital. Ale sou [NYCHealthandHospitals.org/immigrant](https://www.nyc.gov/healthandhospitals/immigrant), oswa rele nan 844-NYC-4NYC (844-692-4692) oswa 311.
- NYC Care se yon pwogram ki garanti sèvis a pri ki ba oswa gratis ke NYC Health + Hospitals ofri pou rezidan New York ki pa kalifye pou asirans sante oswa ki pa kapab peye pou li. Pou respekte règ distans sosyal (rete omwens sis pye parapò ak moun ki pa rete nan menm kay avèk ou yo), manm pèsònèl NYC Care yo pral pran enfòmasyon kontak ou epi yo pral rele w bak pou enskri w lè randevou fasafas yo otorize. Ale sou [NYCCare.nyc](https://www.nyc.gov/nyc-care), oswa rele **1-646-NYC-Care (1-646-692-2273)** oswa **311**.
- Vil New York se domisil plizyè sant sante kominotè ki bay swen medikal sou baz barèm frè varyab, toudepan revni w. Swen an disponib pou tout moun, kèlkeswa sityasyon imigrasyon w. Ale sou sitwèb [FindaHealthCenter.HRSA.gov](https://www.findahealthcenter.hrsa.gov) oswa [lis opsyon pou swen a pri ki ba oswa gratis NYC a](#) pou w jwenn yon lokal ki tou pre w.

- Si w santi w gen kè sote, ou gen estrès oswa w akable, rantre an kontak ak yon konseye espesyalize nan NYC Well, ki se liy asistans konfidansyèl ak gratis Vil la, ki disponib nan plis pase 200 lang. Rele **888-NYC-WELL (888-692-9355)**, voye yon tèks ki di **WELL** nan **65173**, oswa ou ka tchat sou entènèt nan [NYC.gov/NYCWELL](https://www.nyc.gov/NYCWELL).
- Rele liy asistans dirèk Eta New York la pou Sipò Emosyonèl sou COVID-19 nan 844-863-9314 pou w pale ak pwofesyonèl volontè ki gen fòmasyon espesyal. Yo disponib pou yo tande w, ba w sipò ak ofri referans apatide 8 a.m. rive 10 p.m., sèt jou sou sèt.



Asirans Sante

- Genyen plizyè plan asirans ak pri ki ba oubyen gratis ki disponib pou imigran, avèk tou pou timoun ak fanm ansent ki pa gen papyè. Medicaid, Child Health Plus, ak Essential Plan disponib pandan tout ane a. Al gade nan [New York State of Health](https://www.health.ny.gov/) oubyen rele **311**.
- Akoz pandemi COVID-19 la, yo pral sispann sèvis enskripsyon an pèsòn pou asirans sante yo jiskaske nou vèl òd. Ou kapab rele pou w jwenn enfòmasyon oubyen pou w pwograme yon randevou pou enskripsyon nan telefòn. Genyen èd ki disponib kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w e nan plizyè lang. Ale nan [Biwo NYC pou Sèvis Asirans Sante \(NYC's Office of Health Insurance Services\)](https://www.nyc.gov/health-insurance) pou w pran yon randevou oswa rele 311. Ou ka voye yon tèks tou ki di **CoveredNYC** nan **877-877**. Voye yon tèks ki di **SeguroNYC** nan **877-877** pou Panyòl.
- Defansè Sante Kominotè yo (Community Health Advocates, CHA) ede rezidan New York yo pou yo oryante yo nan sistèm konplike swen sante a nan bay kominote nan tout Eta New York la asistans ak edikasyon endividyèl. CHA bay asistans sou fason pou itilize asirans sante, rezoud pwoblèm medikal ak dèt faktirasyon, ak fason pou konteste refi pou pwoteksyon asirans yo ak detèminasyon elijiblite yo. Èd la disponib nan plis pase 170 lang. Rele nimewo gratis la nan **(888) 614-5400**, lendi pou vandredi apati 9 a.m. jiska 4 p.m.



Manje

- Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), oswa kupon pou achte manje, ede moun ki gen revni limite yo pou yo achte manje. Genyen kèk restriksyon imigrasyon ki aplike. Aplikasyon ak renouvèlman sou entènèt kapab fèt atravè [ACCESS HRA](https://www.accesshra.com/), ki se pòtay sou entènèt pou vil la ki pèmèt ou aplike pou epi jere dosye avantaj leta w yo. Pou jwenn plis enfòmasyon rele Liy Enfòmasyon HRA a nan **718-557-1399**.
 - Benefisyè SNAP yo kapab fè acha manje sou entènèt nan [Amazon](https://www.amazon.com/), [Shoprite](https://www.shoprite.com/), oswa nan [Walmart](https://www.walmart.com/). Asire ou konfime ke yon magazen sou entènèt livre nan adrès lakay ou.
 - Si w gen kesyon osijè imigrasyon ak avantaj leta yo, rele liy dirèk gratis ActionNYC a nan **1-800-354-0365**, lendi rive vandredi, 9 a.m. – 6 p.m., oswa rele **311** epi di “Public Charge” (responsablite piblik) pou w jwenn aksè nan enfòmasyon ak koneksyon pou w jwenn èd jiridik.
- Sèvis yo ki liste pi ba a, yo gratis pou tout rezidan New York kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w. Imigran san papyè yo kapab resevwa sèvis sa yo tou, e sa PAP fè w tounen yon “responsablite piblik” ni li p ap afekte kapasite w pou w aplike pou yon kat rezidans.
 - Gad manje Vil New York la yo bay pwovizyon alimantè, e kizin kominotè yo bay pla cho. Pa gen okenn limit sou revni. Jwenn lokal tou pre w yo ak orè yo nan [FoodHelpNYC](https://www.foodhelpnyc.com/) oswa rele 311.
 - Twa repa pa jou disponib pou tout rezidan New York yo nan kote ki fè distribisyon repa yo toupatou nan Vil la. Sant Repa yo louvri lendi pou rive vandredi apati 7:30 a.m. jiska 11:30 a.m. pou timoun ak fanmi yo, epi soti 11:30 a.m. jiska 1:30 p.m. pou adilt yo. Ou pa bezwen enskri ni prezante okenn pyès idantifikasyon ni dokiman pou kapab pase pran manje sa yo. Tout granmoun ak timoun ka pase pran twa repa yon sèl kou. Paran oswa gadyen yo gendwa vin pran repa pou timoun yo. Pa gen okenn espas pou manje ki disponib, kidonk moun dwe manje repa yo andeyò sant repa yo. Gen opsyon vejetaryen,

kosher ak halal ki disponib nan tout adrès yo. Ale sou sitwèb Depatman Edikasyon an [pou jwenn lokal kote yo bay manje gratis yo](#) oswa rele **311**. Ou ka voye yon tèks tou ki di **FOOD** (manje) nan **877-877**. Voye yon tèks ki di **COMIDA** nan **877-877** pou lang Panyòl.

- Nenpòt granmoun aje ki gen laj 60 lane oswa plis, k ap chèche opsyon konsènan kikote ak kijan pou li jwenn manje, ansanm ak posiblite livrezon nan kay, dwe ale sou www.nyc.gov/getfood oswa kontakte 311 epi di “Get Food” (jwenn manje).
- Pou anile, chanje, oswa soumèt yon plent apwopo sèvis sa a, ou ka rele 311 epi ou di “Get Food” (jwenn manje) oswa soumèt kòmantè sou entènèt la a: on.nyc.gov/seniorfoodhelp
- Si ou pa ka deplase lakay ou, ou pa gen pèsonn ki kapab pote manje pou ou, epi ou pa kapab itilize opsyon livrezon prive, ou gendwa kalifye pou resevwa livrezon repa yo lakay ou. Al gade nan [sitwèb Resous Asistans Manje Vil New York pou COVID-19 \(Food Assistance Resources\)](#) la oswa rele nan 311 epi di “Get Food” (Jwenn manje).
- Pwogram Nitrisyon Siplemanntè Espesyal pou Fanm, Timoun ak Timoun Piti (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children, WIC) bay manje ki bon pou sante ak lòt sèvis gratis pou fanm ak timoun ki gen revni ki ba. Al gade nan [ACCESS NYC](#) (pou Panyòl, al gade nan [ACCESS NYC Español](#)) oubyen rele Liy Enfòmasyon Administrasyon Resous Imèn lan (Human Resources Administration, HRA) nan **718-557-1399**.



Lojman ak Sèvis Piblik

- Tout pwosedi pou degèpisman ak lòd degèpisman ki ankou yo sispann nan New York pou tout moun nan moman sa a, kèlkeswa sityasyon imigrasyon w. Ki vle di mèt kay kote w rete a pa kapab fè w degèpi kay la akoz ou pa peye lwaye a pandan tan sa a. Pou plis enfòmasyon, al gade nan [sitwèb Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo](#) (Mayor’s Office to Protect Tenants) oubyen [paj sou COVID-19](#) Pwokirè Jeneral Eta New York la ak sou dwa lojman.
- Lokatè ki gen kesyon oswa ki bezwen konsèy legal sou lokasyon yo, si pwopriyete a ap pèsekite yo, oubyen si yo fè yo menas degèpisman, kapab kontakte liy dirèk pou lokatè rezidansyèl Vil la nan 311. Liy dirèk la bay konsèy sou kijan pou jwenn aksè a avantaj vil la yo oubyen kijan pou aplike pou asistans, konsèy legal gratis ak lòt resous ki disponib pou ede tout rezidan New York yo — kèlkeswa kòd POSTAL yo, revni yo, oswa sityasyon yo ak imigrasyon — adrese pwoblèm lokasyon yo genyen pandan kriz COVID-19 la.
- Si yo te redui orè travay ou akoz kowonaviris la e ou pa kapab peye lwaye w, ou kapab aplike pou Asistans Lajan Kach Annijans. Genyen kèk restriksyon imigrasyon ki aplike. Al gade nan [ACCESS NYC](#) (pou Panyòl, al gade nan [Access NYC Español](#)) oubyen rele Liy HRA a nan 718-557-1399.
- Pwogram Homepage la kapab ede rezidan Vil New York yo ki gen yon risk tousuit pou yo pèdi lojman yo pou yo enskri nan sistèmabri an. Ale sou sitwèb HRA sou Homepage la oswa rele 311.
- Si w sèvi ak yon kupon Seksyon 8 Prezèvasyon ak Devlopman Lojman nan NYC (Housing Preservation and Development, HPD) epi w gen difikilte pou w peye lwaye w akoz ou pèdi revni w, voye yon imèl nan DTRAI@hpd.nyc.gov pou w jwenn asistans.
- Rezidan NYCHA k ap sibi pèt nan revni yo gendwa kalifye pou pwogram [NYCHA pou moun ki gen difikilte finansyè pou peye lwaye an](#). Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Kontak Kliyan NYCHA an nan **718-707-7771**.
- Vil la ap bay rezidan NYCHA yo plizyè resous, tankou ekipman pwoteksyon pèsònèl ak tès COVID-19 pou tout rezidan NYCHA ansanm ak verifikasyon manje ak sou byennèt pou moun aje yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, [ale sou sitwèb NYCHA an](#).
- Vil New York la ap bay akomodasyon pwovizwa nan lotèl pou gwoup moun sila yo: Rezidan New York ki nan sityasyon sanzabri; travayè swen sante yo, kèlkeswa sentòm yo; pasyan NYC Health + Hospitals y ap egzeyate epi ki bezwen izole tèt yo yomenm; ak moun ki gen tès pozitif oswa ki gen sentòm COVID-19 epi ki bezwen izole tèt yo yomenm. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/covid19hotel.

- ConEdison dakò pou pa koupe sèvis kouran akòz moun pa peye bòdwo sèvis piblik yo e pou bay dispans pou frè penalite akòz reta yo. National Grid dakò tou pou l pa koupe sèvis gaz akòz moun pa peye bòdwo yo omwen jouk fen avril. Al tcheke [sitwèb ConEdison](#) lan ak [sitwèb National Grid](#) la pou w jwenn plis enfòmasyon.
- [Comcast](#), [AT&T](#), ak [Verizon](#) dakò pou yo pa koupe sèvis entènèt yo pandan 60 jou si w pa kapab peye bòdwo w yo akòz deranjman COVID-19 lakòz.
- Comcast ap ofri de mwa entènèt gratis avèk vitès jiska 25 Mbps pou nouvo kliyan ki gen revni ba yo. Ale sou [sitwèb Comcast Internet Essentials](#) la pou w jwenn plis enfòmasyon.
- [Metro PCS](#), [T-Mobile](#), [Sprint](#), [AT&T](#) ak [Comcast Xfinity](#), yo tout ap elimine limit sou done yo pou abone sèvis telefòn yo pandan omwen 60 jou. [Verizon](#) ap ajoute otomatikman yon 15GB done adisyonèl sou done 4G LTE nan plan done pataje kliyan ak tibiznis yo, hòtspòt ak djètpak. Kontakte founisè telefòn selilè w pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Jouk yo ta di lekotrè, tout Hòtspòt Piblik Xfinity WiFi yo lib pou tout moun kounye a sou SSID “xfinitywifi” a. Ou kapab jwenn hotspot piblik yo nan ti biznis ak biznis mwayen yo epi anplennè nan espas komèsyal yo. Ale sou [sitwèb Xfinity WiFi](#) a pou w jwenn yon Hòtspòt WiFi Piblik e pou w jwenn plis enfòmasyon.



Edikasyon ak Swen pou Timoun

- Yo pral kontinye ansèyman a distans pou tout rès ane eskolè 2019-2020 an e lekòl yo ap rete fèmen. Ki vle di elèv yo pral pran kou sou entènèt etan yo lakay yo. Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) ap prete elèv ki bezwen, iPad ki deja gen entènèt sou yo. Plan done selilè a tou deja ladann. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan [Schools.NYC.gov/Coronavirus](#) oswa rele **311**.
- Genyen yon kantite opsyon gratis sou entènèt pou elèv Klas Matènèl rive klas 12yèm ane (K-12) ak elèv inivèsitè yo:
 - [Charter Spectrum](#) bay premye de mwa entènèt yo avèk vitès jiska 100 Mbps gratis pou nouvo kliyan yo. Frè enstalasyon yo ka anile. Rele 1-844-488-8395.
 - [Suddenlink ak Optimum](#), ki toude se pwopriyete Altice USA, ap ofri 60 jou entènèt gratis avèk vitès jiska 30 Mbps pou nouvo kliyan yo. Rele nan 1-866-200-9522 pou Optimum, epi rele nan 1-888-633-0030 pou sèvis entènèt Suddenlink.
 - Cox ap ofri premye mwa pwogram entènèt li a, [Connect2Compete](#), gratis pou kliyan ki gen timoun e ki gen revni ki ba (Klas Matènèl rive klas 12yèm ane oswa pi jèn) jouk dat 12 me 2020.
- DOE genyen [resous pou aprantisaj adomisil](#) nan lang Anglè pou elèv ki nan klas Prematènèl rive klas 12yèm ane.
- Administrasyon Sèvis pou Timoun nan NYC (NYC Administration for Children’s Services, ACS) genyen [yon gid resous vityèl pou COVID-19](#) pou paran ak timoun, tankou ti konsèy pou paran, aktivite yo sigjere pandan karantèn nan, ak resous pou bezwen debaz yo.
- Patnè ACS avèk òganizasyon kominotè debaz yo nan twa katye ap ofri Sant Anrichisman pou Fanmi (Family Enrichment Centers, FECs), ki bay yon varyete sèvis pou e avèk kominote a. Kounye a FEC yo ap bay referans ak sipò a distans, ansanm ak resous ki limite an pèsòn nan ka dijans yo. Ou ka ale sou [sitwèb ACS](#) lan pou jwenn plis enfòmasyon.
- Bibliyotèk Piblik New York (New York Public Library, NYPL) la ofri [leson patikilye gratis sou entènèt pou elèv](#). Elèv yo ka resevwa èd pou devwa sou entènèt nan men pwofesè patikilye chak jou ant nan 2 ak 11 p.m. Pwofesè patikilye yo disponib ann Anglè ak an Panyòl, depi klas primè jouk rive nan klas segondè, nan matyè debaz yo. Kontni videyo ansanm ak lòt resous toujou disponib 24 sou 24. Fanmi yo pral bezwen yon kat Bibliyotèk New York la pou jwenn aksè ak sèvis sa a, epi yo ka aplike pou yon kat sou [sitwèb Bibliyotèk New York la](#).

- We Speak NYC bay resous edikasyon nan lang Anglè gratis sou entènèt epi l ap ofri kou gratis chak semèn sou entènèt. [Enskri nan yon kou depi kounye a](#) pou rankontre moun, jwenn enfòmasyon konsènan sèvis Vil New York ki disponib pou tout rezidan Vil New York yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, epi fè pratik nan pale anglè. Si ou ta renmen patisipe nan yon kou, tanpri al gade nan [orè kou yo la a](#). Nenpòt moun kapab jwenn aksè ak resous gratis sou [sitwèb We Speak NYC](#) a san yo pa bezwen kreye okenn kont. Genyen dokiman tou pou edikatè yo tankou plan leson yo ak manyèl yo.
- Vil la bay gadri gratis nan Sant Anrichisman Rejyonal yo (Regional Enrichment Center, REC) pou premye sekouris yo, travayè swen sante yo, travayè transpò piblik yo, ak lòt anplwaye vil la, ansanm ak pou travayè esansyèl yo. REC yo ouvè soti nan 7:30 a.m. rive nan 6:30 p.m., lendi pou vandredi, pou timoun ki nan klas avan kindègadenn rive nan klas 12yèm ane. Y ap bay manje. Ale sou [sitwèb Sant Anrichisman Rejyonal DOE](#) an oubyen rele nan 311 pou jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis yo ak lis konplè travayè ki kalifye pou resevwa sèvis gratis gadri pou timoun.



Sipò ak Èd Finansye pou Travayè

- Kit ou se yon pwopriyetè biznis oswa yon moun k ap chèche travay, Depatman Sèvis pou Ti Biznis NYC (Department of Small Business) ofri sipò pou Rezidan New York yo. Ale sou nyc.gov/sbs pou jwenn resous ak enfòmasyon ajou sou COVID-19.
- Nan kad Lwa asistans pou kowonaviris la ki rele Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act (Lwa CARES), leta a ap voye Peman Enpak Ekonomik bay anpil moun Ozetazini ki touche mwens pase yon sèten kantite lajan.
 - Ou gendwa kalifye pou Peman Enpak Ekonomik la si ou
 - Se yon sitwayen ameriken oswa etranje ki rezide Ozetazini;
 - Pa ka deklare ou kòm yon depandan nan deklarasyon taks yon lòt moun;
 - Gen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valab pou travay (SSN valab); epi
 - Gen revni brit ajiste ki rive jiska \$99,000 pou kont ou oswa \$198,000 ansanm ak yon lòt moun.
 - Si se yon fanmi, toulede paran yo dwe gen Nimewo Sekirite Sosyal valab epi timoun yo ki deklare antanke depandan yo dwe gen Nimewo Sekirite Sosyal ki valab tou. (Eksepsyon: Si mari oswa madanm lan se manm Lame Etazini nenpòt kilè pandan ane fiskal la, alòs yon sèl nan yo bezwen gen yon SSN ki valab.)
 - Si ou bezwen plis enfòmasyon, al gade nan [ACCESS NYC](#).
- Antanke travayè, ou fèt pou w konnen dwa ou yo e ou genyen dwa sa yo kèlkeswa sityasyon imigrasyon w, ansanm ak konje peye san danje ak konje maladi anba lwa Vil New York la. [Deklarasyon dwa travayè NYC](#) la aplikab pou tout moun, sa ki gen ladann imigran ki pa gen papyè yo.
- Ou ka pa gen dwa pou jwenn konje maladi peye nan ka ijans pou COVID-19 la anba lwa Eta New York la. Imigran san papyè yo kapab kalifye tou. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb Biwo Gouvènè Eta New York](#) la oswa rele liy dirèk COVID-19 la nan 1-888-364-3065.
- Rezidan New York ki se imigran yo ki gen otorizasyon pou travay yo, ka elijib pou avantaj asirans chomaj. Eta New York ap bay dispans pou peryòd datant 7 jou a. Ale sou [sitwèb Depatman Travay Eta New York](#) la oswa rele 1-888-209-8124. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou elijiblite ak pwosesis aplikasyon an, ale sou [Kesyon Moun Poze Souvan sou Avantaj Chomaj nan Access NYC](#).
- Rezidan New York ki se imigran yo ak/oswa pitit yo ka elijib pou yo jwenn asistans lajan kach nan New York. Al gade nan [ACCESS NYC](#) (pou Panyòl, al gade nan [Access NYC Español](#)) oubyen rele Liy HRA a nan 718-557-1399.
- Si w genyen difikilte finansye pou peye ipotèk kay ou, bank ou kapab ba w dispans pou peman ipotèk ou pandan 90 jou selon [règleman egzansyon ipotèk](#) Sèvis Finansye Depatman Eta New York la. Rele bank ki ba w prè pou ipotèk ou pou w jwenn plis enfòmasyon.

- Yo kanpe peman prè federal pou etidyan yo otomatikman, san enterè ni penalite. Sèten prè etidyan pa sispann, tankou prè federal pou edikasyon fanmi ki pi aje ke Depatman Edikasyon Etazini pa posede, Prè Perkins lekòl yo posede, ak prè prive pou etidyan yo. Jwenn plis enfòmasyon nan [Ti Konsèy pou Dèt sou Prè Etidyan pandan COVID-19](#) ke Depatman pou Pwoteksyon Kliyan ak Travayè nan NYC (NYC Department of Consumer and Worker Protection) bay, epi ale sou studentaid.gov.
- Si w genyen peman prè etidyan oswa prè pou swen medikal ki an reta bay Eta New York la, ou ka jwenn pwoteksyon tanporè kont rekouvreman dèt. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb Pwokirè Jeneral New York la](#).
- Pwofesyonèl swen sante yo, anplwaye tranzit yo, ak premye entèvenan yo kapab jwenn yon abònman gratis Citi Bike (bisiklèt vil la) pou 30 jou lè yo enskri atravè anplwayè yo. Ale sou [paj wèb pou pwogram Citi Bike Critical Workforce](#) la pou w jwenn plis enfòmasyon.



Sekirite Piblik ak Pwoteksyon Kont Pèsèkisyon ak Diskriminasyon

- Yo p ap tolere rayisman ak diskriminasyon kont okenn moun sou baz ras, orijin nasyonal, oswa lòt kondisyon nan Vil New York. Seksyon [Komisyon Dwa Moun nan NYC](#), Biwo Majistra a pou Prevansyon Krim ki Rive Akoz Rayisman, ak NYPD ap siveye epi y ap entèveni nan ensidan ki rive akoz rayisman ak diskriminasyon ke moun fè baze sou krent ak stigma ki gen rapò ak COVID-19.
 - Rele **311** pou w rapòte asèlman oswa diskriminasyon.
 - Rele **911** si w se viktim yon krim ki rive akoz rayisman oswa w se temwen sa w panse ki se yon krim ki rive akoz rayisman. Polisye NYPD yo p ap poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon nenpòt moun kap chèche èd.
 - Ale sou nyc.gov/StopCOVIDHate pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou w rapòte ensidan ki gen rapò ak COVID-19, ak jwenn aksè pou sipò pou viktim ak sante mantal.
- [Sant Jistis pou Fanmi NYC](#) (NYC Family Justice Centers) yo disponib nan telefòn pou bay sivivan vyolans nan kay asistans, sa ki gen ladann planifikasyon tousuit pou sekirite, asistans pou chèltè, asistans jiridik, sèvis sante mantal ak terapi-konsèy epi lòt resous vital. Yo gendwa mande w pou kite yon mesaj, epi yon moun pral rele w bak rapid, jan sa posib.
 - Apati lendi jiska vandredi, 9 a.m. pou 5 p.m., ou kapab rele nan adrès sant ki pi pre w la.
 - Pou NYC Family Justice Center, **Bronx**, rele nan **718-508-1220**
 - Pou NYC Family Justice Center, **Brooklyn**, rele nan **718-250-5113**
 - Pou NYC Family Justice Center, **Manhattan**, rele nan **212-602-2800**
 - Pou NYC Family Justice Center, **Queens**, rele nan **718-575-4545**
 - Pou NYC Family Justice Center, **Staten Island**, rele nan **718-697-4300**
 - Lèswa oswa nan wikenn, rele Liy Apèl Gratis 24 sou 24 kont Vyolans Domestik NYC an (Domestic Violence Hotline) nan **800-621-HOPE (4673)**.



Nan ki Pwen Pwosedì Imigrasyon ak Mizanplas Lwa yo Rive

- ActionNYC se inisyativ Vil la ki bay èd imigrasyon konfidansyèl legal, gratis e ki san danje pou rezidan New York yo. Pwogram la ap ajiste kounye a pou pèmèt entèvyou imigrasyon nan telefòn pou respekte règ distans sosyal yo (rete omwens sis pye lwen moun ki pa rete nan menm kay avèk ou). Si ou gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon konsènan nan ki pwen dosye imigrasyon w lan rive, rele nan 1-800-354-0365 lendi pou vandredi ant 9 a.m. jiska 6 p.m., oubyen rele nan 311 epi di “ActionNYC.”
- Biwo Jistis Sivil nan NYC bay sèvis legal gratis pou rezidan New York ki nan bezwen, ikonpri lokatè, imigran, travayè ki pa touche anpil kòb ak lòt rezidan New York k ap konfwonte difikilte legal sivil. Ale sou sitwèb [Biwo Jistis Sivil nan NYC](#) a pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Tout odyans tribinal sou imigrasyon yo ranvwaye jouk omwen dat 15 me 2020 pou moun yo pa arete yo. Pou moun yo arete yo, odyans yo ap kontinye pou kounye a. Pou rete enfòm sou mizajou, ale nan [Justice.gov/EOIR](#), rele liy dirèk Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (Executive Office for Immigration Review, EOIR) nan **1-800-898-7180**, epi tcheke [paj Facebook EOIR lan](#).
- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) te anile jiska nouvellèd tout sèvis fas a fas yo, sa gen ladan tou entèvyou ak seremoni natiralizasyon yo. Ale sou [USCIS.gov/Coronavirus](#) (pou Panyòl, ale sou [Respuesta de USCIS al Coronavirus 2019 webpage](#)) oswa rele liy asistans USCIS lan nan **1-800-375-5283**.
- Otorite Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) modifye politik li yo pou reponn a pandemi COVID-19 la. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [ICE.gov/COVID19](#).
 - Yo pa pèmèt fanmi ak zanmi vizite moun nan sant detansyon ICE yo nan moman sa a. Pou avoka yo, gen kèk vizit jiridik k ap kontinye. Sepandan, ICE ap ankouraje vizit atravè videyo pou avoka yo lè sa posib e l ap mande moun k ap vizite an pèsòn yo pou yo mete pwòp ekipman pwoteksyon pèsònèl yo e yo ka gen pou fè tès etan yo nan sant lan. Se pou avoka yo rantre an kontak avèk sant endividyèl yo pou detay ak mizajou yo.
 - ICE anile tout kontwòl an pèsòn pou moun yo pa arete yo. Kontwòl nan telefòn yo ap fèt jiskaprezan.
 - ICE ap kontinye fè arestasyon. ICE di li pral enplemanje kèk limitasyon sou kimoun yo pral arete e yo p ap fè okenn arestasyon nan sant swen sante yo oubyen toupre yo, amwenske ta gen yon ka eksepsyonèl.



Resous Anplis

- Èske ou gen kesyon konsènan imigrasyon oswa fason pou jwenn aksè ak sèvis Vil la? Rele nimewo gratis MOIA an nan 212-788-7654, lendi pou vandredi kòmanse 9 a.m. jiska 5 p.m., voye yon imèl nan [AskMOIA@cityhall.nyc.gov](#), oubyen kontakte yon Òganizatè Katyè MOIA (MOIA Neighborhood Organizer).
- Rezidan New York ki gen andikap kapab al gade nan [paj entènèt COVID-19 lan nan Biwo Majistra a pou Moun ki gen Andikap](#) (Mayor’s Office for People with Disabilities) pou yo kapab jwenn enfòmasyon konsènan livrezon manje/pwovizyon, avantaj sekirite sosyal/Medicaid, sèvis swen sante lakay ak plis resous toujou.
- [Ou kapab ranpli fòmilè Resansman yo sou entènèt](#) oswa nan telefòn nan **844-330-2020**. Pou sipò nan lang, ale sou [paj entènèt Sipò nan Lang Resansman 2020 an \(Census Language Support\)](#). Resansman an san danje, repons yo totalman konfidansyèl, e pa gen OKENN kesyon sou sitwayènte oswa imigrasyon.